



Charlie Crist  
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.  
State Surgeon General

**Pou Divilgasyon Imedya**  
April 2008

Kontakte: Susan Smith  
850-245-4111

**\*\*FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN\*\***

**RESPONSAB LASANTE-YO FÈ MOUN LAFLORID SONJE  
SIY AVÈTISMAN YON KRIZ KADYAK**

**TALLAHASSEE** – Pandan moun Laflorid kòmanse ap reprann-yo apre Siklòn Twopikal/Siklòn, responsab lasante-yo mande tout moun, espesyalman moun k'ap fè anpil efò fizik, pou yo fè atansyon ak siy avètisman kriz kadyak.

Gen kèk kriz kadyak ki fèt sibatman epi ki fò anpil; gen anpil lòt ki kòmanse dousman, san yo pa ba-ou twòp doulè ak enkonfò. Si ou menm, oswa yon moun ki avèk-ou kòmanse gen yon enkonfò nan lestomak, sitou si li gen youn oswa pi plis nan lòt siy kriz kadyak-yo, rele 9-1-1 touswit.

SIY AVÈTISMAN YON KRIZ KADAY ENKLI BAGAY SILA-YO:

- **Enkonfò nan lestomak.** Pifò kriz kadyak-yo vini avèk yon doulè nan mitan lestomak-la ki dire plis pase detwa minit oswa ki ale tounen. Ou gen dwa santi tankou yon presyon, yon lansman, yon gonfleman oswa yon doulè.
- **Enkonfò nan lòt bout anlè kò-a.** Sentòm-yo ka enkli doulè oswa enkonfò nan youn oswa toude bra-ou, do-ou, kou-ou, machwè-ou oswa lestomak-ou.
- **Esoufleman.** Ou gen dwa santi-ou esoufle anvan ou gen enkòfò nan lestomak-la oswa pandan ou gen enkòfò-a oswa san ou pa gen enkòfò-a.
- **Lòt siy:** Syè fwad, anvi vomi oswa tèt vire.

KISA OU DWE FÈ?

Si ou menm oswa yon moun ki avèk-ou kòmanse gen youn oswa plis pase youn nan siy sa-yo, pa inyore-yo. Rele 9-1-1 pou resevwa swen medikal touswit. Pa tann plis pase detwa minit anvan ou rele pou yo vin ede-ou.

Rele 9-1-1 se preske toujou mwayen ki pi rapid pou resevwa tretman ki gen dwa sove lavi-ou. Pèsonèl sèvis medikal Dijans-yo gen dwa kòmanse ba-ou tretman kou yo rive – inèdtan anvan yon moun ki ale lopital nan machin. Estaf-la resevwa antrènman tou pou reyanime kè yon moun ki rete. W'ap resevwa tretman pi vit lopital-la tou si ou rive nan yon anbilans.

PLANIFYE

- Aprann ki siy avètisman yon kriz kadyak.
- Pale ak doktè-ou sou risk ou genyen pou kriz kadyak epi kisa ou ka fè pou diminye risk sa-yo.
- Pale ak fanmi-ou, zanmi-ou ak moun travay-ou sou siy avètisman yon kriz kadyak epi enpòtans pou rele 9-1-1.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman sante konte lokal-ou, oswa vizite [www.doh.state.fl.us](http://www.doh.state.fl.us) oswa [www.FloridaDisaster.org](http://www.FloridaDisaster.org).

Liy Enfòmasyon Dijans Laflorid: 1-800-342-3557



Charlie Crist  
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.  
State Surgeon General

---

Fonksyon Sipò Dijans Enfòmasyon Piblik: (850)-921-0384

###